# Математикадан халықаралық олимпиаданың алтын медалын қолға киргизген студентке ҳүрмет көрсетилди

Image not found or type unknown

Елликқала районы ҳәкими С.Авезов математика бойынша халықаралық олимпиадада алтын медальды қолға киргизген ҚМУ студенти, райондағы « Жасорат» МПЖ турғыны Камал Садиков ҳәм оның устазлары, ата-анасы менен ушырасты. Бул ҳаққында район ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети хабар берди.

Image not found or type unknown

Район ҳәкими Камалды қолға киргизген табысы менен қутлықлап, қымбат баҳалы саўғалар ҳәм миннетдаршылық хатын тапсырды. Ушырасыў даўамында райондағы мектеп оқыўшылары менен сәўбет шөлкемлестиирилди.

Ушырасыў соңында концерт бағдарламасы жыйналғанлар итибарына усынылды.